

Chè rezidan:

Pwojè ekspansyon LIRR la, ki se youn nan pwojè enfrastrikti transpò ki pi enpòtan nan rejyon an, kòmanse kounye a atravè kèk kominote ki sou yon distans ki apeprè dis mil de ray prensipal ki sot nan Floral Park pou rive nan Hicksville.

Toutpandan inisyativ sa a gen yon kokennchenn enpòtans pou Long Island, nou konnen sa pral lakòz deranjman ak dezagreman nan kominote w la pandan faz konstriksyon an.

Nan efò n ap fè pou n minimize enpak konstriksyon an sou kalite lavi w, ekip pwojè konstriksyon an te mete sou pye yon pwogram sansibilizasyon ki rele "Pwogram anbasadè a." Kounye a ou genyen pwòp pwen kontak pa w ki ka ba w dènye enfòmasyon sou pwojè a, epi sa ki enpòtan tou, ki ka rapidman abòde kesyon ak enkyetid ou genyen.

Kòm aktivite yo kòmanse nan kominote w la ak nan zòn dwa pasaj la, nou te vle pwofite opòtinite sa a pou nou prezante w bay Anbasadè Twazyèm Ray ou a (Third Track Ambassador) epi ba w enfòmasyon sou fason pou kontakte nou.

Pou enfòmasyon ki ajou sou pwojè a, tanpri vizite sitwèb nou fèk lanse a nan [www.LIRRExpansion.com](http://www.LIRRExpansion.com). Si w ta gen lòt kesyon oswa ou ta renmen pwograme yon reyinyon, tanpri voye yon imèl ban nou nan [communityoutreach@LIRRExpansion.com](mailto:communityoutreach@LIRRExpansion.com) oswa rele **liy asistans pwojè a ki ouvri 24 sou 24 nan 516.203.4955**.

Nou konprann yon pwojè konstriksyon gwo sa a ka difisil pafwa, men se responsablite nou pou nou kominike avèk ou pandan dire pwojè sa a konsa ou ka byen enfòme epi ou ka jwenn repons pou kesyon w yo lepli rapidman epi konplètman sa posib. Mèsi pou pasyans ou ak konpreyansyon w. Nou paka tann pou n sèvi w epi pou n konnen kominote w la.

Avèk respè.

### Your 3<sup>rd</sup> Track Constructors Project & Community Outreach Managers



Travis Brennan



William Miller

### Your New Hyde Park and Floral Park Community Ambassadors



Judy White



Camille Koorey

### Your Garden City and Garden City Park Community Ambassadors



Katherine Heaviside



Andrew Kraus

### Your Mineola, Town of North Hempstead, and Town of Oyster Bay Community Ambassadors



Gary Lewi



Seth Sylvan

### Your Westbury and Carle Place Community Ambassador



Margo K. Cargill

A better commute • Less congestion • Cleaner Air • Safer, quieter crossings  
Station improvements & parking • Better jobs • Stronger economy • Noise reduction

[www.lirrexpansion.com](http://www.lirrexpansion.com) • [CommunityOutreach@lirrexpansion.com](mailto:CommunityOutreach@lirrexpansion.com)